

Kat Konesans Sou Dwa W Yo

Enstriksyon sou kijan pou sèvi ak kat Konesans Sou Dwa W Yo

1. Koupe toude kopi kat la. Pliye yo a mwatye.
2. Asire w ou ranpli toulède kat yo avèk non avoka ak nimewo telefòn avoka w.
3. Kenbe toulède kopi kat la avèk ou toutan. Si w montre ofisyè imigrasyon oswa lapolis kat sa a, yo ka pran kat sa a epi yo pa ba ou li ankò. Se sak fè li enpòtan pou mache avèk de kopi kat la toutan.
4. An ka ta genyen yon debakman oswa entè-aksyon avèk ofisyè imigrasyon oswa lapolis, sèvi avèk kat sa a pou ede w sonje epi pou ka egzèse dwa w.
5. Genyen yon deklarasyon nan devan kat sa ki di ou gen dwa pou gade silans. Si w ap kominike ak yon ofisyè imigrasyon oswa lapolis, ou ta dwe sonje nepòt bagay ou di kapab sèvi kont ou. Se dwa w pou gade silans. Pou egzèse dwa w pou gade silans, montre ofisyè yo yon kopi kat sa oswa li deklarasyon an byen fò. Ou pa oblige di deklarasyon an motamo, men ou dwe fèk yo konnen se dwa w w ap egzèse pou gade silans.
6. Nan dèyè do kat la, w ap wè yon list dwa w genyen yo. Li yo souvan. Prepare w.
8. Pou pwoteje tèt ou, APRANN enfòmasyon an ki nan kat la PAKÈ.

<p>MWEN AP EGZÈSE DWA M POU M GADE SILANS</p> <p>Tanpri konnen mwen chwazi pou egzèse dwa m pou gade silans. Mwen ap egzèse dwa mwen pou refize siyen anyen pa avan avoka revize li. Si w kenbe m nan prizon, mwen mande pou kontakte avoka m tout suit. Enfòmasyon sou kontak avoka m se:</p> <p>Non _____ Telefòn _____</p> <p>Mwen konnen ...</p> <ul style="list-style-type: none">① Mwen gen dwa. Mwen gen diyite. Mwen pa pou kont mwen.② Mwen gen dwa pou pale avèk avoka m.③ Mwen gen dwa pou refize siyen nepòt bagay avan avoka m revize li.④ Nenpòt sa mwen di kapab sèvi kont mwen.⑤ Mwen gen dwa pou m gade silans nan TOUT sitiayson.⑥ Mwen ka montre ofisyèl kat sa oswa di byen fò mwen ap gade silans.	<p>MWEN AP EGZÈSE DWA M POU M GADE SILANS</p> <p>Tanpri konnen mwen chwazi pou egzèse dwa m pou gade silans. Mwen ap egzèse dwa mwen pou refize siyen anyen pa avan avoka revize li. Si w kenbe m nan prizon, mwen mande pou kontakte avoka m tout suit. Enfòmasyon sou kontak avoka m se:</p> <p>Non _____ Telefòn _____</p> <p>Mwen konnen ...</p> <ul style="list-style-type: none">① Mwen gen dwa. Mwen gen diyite. Mwen pa pou kont mwen.② Mwen gen dwa pou pale avèk avoka m.③ Mwen gen dwa pou refize siyen nepòt bagay avan avoka m revize li.④ Nenpòt sa mwen di kapab sèvi kont mwen.⑤ Mwen gen dwa pou m gade silans nan TOUT sitiayson.⑥ Mwen ka montre ofisyèl kat sa oswa di byen fò mwen ap gade silans.
--	--